



## KÈK TI ENFÒMASYON SOU Plan Prensipal

### Kijan pou mwen antre nan plan?

🌐 [nystateofhealth.ny.gov](http://nystateofhealth.ny.gov)  
OSWA

📞 1-855-355-5777 oswa  
TTY: 1-800-662-1220  
OSWA

👤 Atravè èd gratis an peson nan men yon asistan sètifye tou prè lakay ou oubyen travay ou.

### Èske ou kapab ede mwen nan lang natifnatal mwen?

Gen èd ki disponib nan lang ou nan telefòn ak fas-a-fas.

### Kilè mwen kapab antre nan plan an?

Enskripsyon pou Plan Prensipal louvri pandan tout ane a.

NY State of Health konfòme li ak lwa konsènan dwa sivik federal ki aplikab yo, epi li pa diskrimine sou baze ras, koulè, orijin nasyonal, sèks, laj oswa andikap nan pwogram ak aktivite sante li yo.

### Kisa Plan Prensipal la ye?

Yon nouvo plan sante pou Moun New York. Li koute mwens lajan pase lòt plan sante. Epi li ofri menm avantaj enpòtan.

### Kimoun ki kapab achte li?

Moun ki pa touche ase revni epi ki pa kalifye pou Medicaid oswa Child Health Plus.

Kantite Moun ki nan kay la	Pifò lajan ou kapab touche
1	\$24,120
2	\$32,480
3	\$40,840
4	\$49,200

### Konbyen sa ap koute?

Swa \$20 pa mwa pou chak moun – mwens pase yon dola pa jou oswa ANYEN.

### Ki lòt fason l ap ede mwen ekonomize lajan?

Li PA GEN FRANCHIZ, poutèt sa plan an ap kòmanse peye pou swen sante ou touswit.

W ap resevwa SWEN PREVANTIF GRATIS tankou egzamen woutin doktè ak evalyasyon pou kenbe ou ansante.

### Kisa Plan Prensipal la garanti?

Menm sèvis yo ki garanti avèk lòt plan yo:

- vizit doktè, tankou espesyalis
- tès doktè ou rekòmande yo
- medikaman sou preskripsyon
- swen pasyan ki entène ak swen pasyan ki pa entène nan yon lopital